Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 7 (9852) 24 февраль 2020 с. / Итни 29 Джумадуль-ахир 1441 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru




**23 февраля мы традиционно празднуем День защитника Отечества, один из важнейших праздников россиян. Это не просто день почитания солдат и бойцов, служивших и защищавших страну во время войны и невзгод-знаменательная дата уже превратилась в своеобразный неофициальный «день всех мужчин».**

**С 2002 года, 23 февраля-выходной день в Российской Федерации.**

Уважаемые ветераны войны и труда, солдаты и офицеры района, которые сегодня с оружием в руках стоят на страже Родины!

Сердечно поздравляем вас с Днём защитника Отечества. Желаем вам долгих лет, здоровья и семейного счастья.

**Глава МР «Казбековский район» Г.Г.МУСАЕВ.**
**Председатель Собрания депутатов Г. М.ГИРИСХАНОВ.**

**Уважаемые земляки!**

Искренне поздравляю вас с Днём защитника Отечества.

Желаю всем вам здоровья, счастья, бодрости духа, уверенности в себе и своей Родине.

**Депутат НС РД М-п.(К-п.) Д.УМАХАНОВ.**

От всей души поздравляю вас с Днём защитника Отечества! Пусть ваши души наполнятся светом отваги, а сердца-мудростью и любовью. Желаю вам крепкого здоровья, счастья и мирного неба.

**Секретарь политсовета ВПП «Единая Россия» Д.Г.МАХАЧЕВ.**

## Баркула армиялъул къо!

Россиялъул къолден - армиялъул къо
Рак1-рак1алъ баркула мухъилъ ругезда.
Рагъул кьог1лъи бихьун т1адруссаразда,
Ва х1алт1ул фронталда г1ахьаллъаразда.

Тушмангун къеркьезе къуват бергьарав,
Х1атикь гьевги мерхьун цевехун арав,
Ракълилаб гьаб г1умру нижее кьурав,
Советияв солдат, дуй даимаб рецц.

Ват1аналъе г1оло г1умру кьолаго,
Хъатикь ккураб ярагъ г1одоб лъеч1ого,
Ракъи – къеч лъач1ого, свак чучич1ого,
Кьалул авлахъалда берал къанщарав.

Дурго Ват1ан ц1унун, дурго халкъ ц1унун,
Халкъалъе ракълилаб дунял г1уц1арав,
Г1умру талих1аллъун ниж рук1инелъун,
Рух1ги кьун, вагъарав баркала дуе!

**Г1абдуразакъ МУХ1АМАДОВ, Ичк1а росу.**

**Ниж - терроризмалде данде**

# Рак1алдещвей



Дида ккола **«Террор», «террорист»** ва гьезда хурхарал цогиял раг1абаз рак1 гъанц1изабуларел г1адамал нилъеда гьоркьор ратизе зах1мат батилин. Гьедин бук1иналда тамашалъи гьабизеги кколаро, щай абуни, нилъеда бихьана ва бихьулеб буго терроризмалъул вах1шилъи, гьелъул нахъег1анлъи, гьелъ кьолеб зарал. Терроризмалде данде, цадахъ рекъон, т1олалго къеркьолел гьеч1они, гьелъ х1асил кьолареблъиги нилъеда лъала.

Гьабсаг1аталда х1ажат буго терроризмалъул нухде г1олеб г1ел лъугьунгут1иялда т1ад киналго х1алт1изе, гьелъул **«гьобоялде»** чвахулеб лъим гьоркьоб къот1изабизе. Гьедин бук1иналда сверухъ нилъер районалда г1езег1анго х1алт1и гьабулебги буго. Гьединазул цояблъун бук1ана 14 февралалда райбиблиотекаялъул ц1алдолезул залалда т1обит1араб тадбирги. Библиотекаялъул х1алт1ухъабазул х1аракаталдалъун т1обит1араб гьеб данделъиялда г1ахьаллъана-Муфтияталъул нилъер районалда бугеб отделалъе нухмалъулев М. Мух1амадов, Буртунаялдаса М.Х1апизов, Дилималдаса М.-р. Дибиров, Дилим росдал




лицеялъулгун гимназиялъул ч1ах1иял классазул ц1алдохъаби.

Централияб библиотекаялъул директорасул заместитель М.-х1. Мух1амадх1абибовас жиндирго к1алъаялда абуна:

***«Гьалмагъзаби! Нилъеда киназдаго лъала терроризмалъул бугеб зарал. Ахириял соназ гьелъ нилъеда гьоркьоса рахъана г1езег1анго лъик1ал г1адамал. Гьел рук1ана жидеда г1елмуги г1умруги лъалел жамг1иял церехъабилъун. Жидеда хадур г1адамал унеллъун рук1иналъин террористаз гьел г1умруялдаса рат1аги гьарурал.***

***Нилъедаса рат1алъаниги, нахъе хут1ана гьез гьарурал лъик1ал ишал ва гьезул ц1арал. Гьел нилъеда киданиги к1оченеги гьеч1о.***

***Гьединазул цоявлъун ккола ан 1998-2000 соназ нилъер районалда рух1ияб лъай кьеялда т1ад х1алт1улев вук1арав г1алим, Бакълъухъа Мух1аммад. Гьев гьавула 1960 соналъ Шамиль районалъул Бакълъухъ росулъ. Гьит1ин вук1аго, загьирлъула гьесулъ рук1арал - ц1алиялдегун спорталде рокьи, бажари ва цогидалги. лъик1ал г1амалал. Инсуца, балъго, гьесда малъула Къуран. 1978 соналъ Мух1амад лъугьуна Буйнахъскиялъул техникумалде, амма гьесул мурадлъун гьенив ц1али бук1инч1о, гьесие бокьун бук1ана гьенив яшав гьабун вугев шейх Саг1адух1ажиясул Мух1аммад-афандихъе исламияб г1елму босизе хьвадизе. Гьелдаса байбихьун, Мух1аммадица исламиял г1елмаби лъазарула.***

***1984 соналъ гьес байбихьана г1елму цогидазда малъизе.***

***Гьесул х1акъалъулъ устар Саг1адух1ажиясул Мух1аммадица абун буго: «Гьесул буго цо г1унгут1и - живго цох1о вук1ин»,- ан.***

***Г1олохъанаб ригьалда вук1аниги, гьев вук1ана ц1ик1к1араб лъаялъул, т1адег1анаб г1аданлъиялъул инсанлъун. Гьесул ваг1забазухъ г1енеккизе бокьуларев чи (г1исиназдаги ч1ах1ияздаги гьоркьов) вук1ине рес гьеч1о. Бич1ч1унеб, биун ургьибе т1олеб г1адинаб гьесул каламалъ г1адамазул бадиб маг1у хулизабулаан. Г1адада гуреб гьесда «Рух1ияб Управлениялъул МЧС»,-ан абулеб бук1араб. Жиндие рагьарал х1инкъаби кьуниги, тарич1о Мух1аммад жиндирго исламияб нухдаса. Гьаб соналъ 60 сон т1убалаан гьев гьайбатав инсанасул,амма 2012 соналъул 23 марталда террористазул квердасан гьев шагьидлъана.Жакъа нилъеца гьаб тадбир т1обит1улеб буго Мух1аммадил 60 сон т1убаялъул х1урматалда»***,-ян.

К1алъазе рахъарал- М.Мух1амадовас,М.Х1апизовас,М-р.Дибировас данделъаразе бицана, исламалда рекъон, хьвадиялъулъ бугеб берцинлъиялъул, Бакълъухъа Мух1аммадил г1умруялъул, гьесулгун рук1арал дандч1ваязул, гьес, к1вах1тун, г1адамал лъик1аб нухде ах1улел рук1араблъиялъул. ***«Гьесул цо ваг1заялъухъ г1енеккаразда гьев киданиги к1очене рес гьеч1о»***,-ян абураб пикру загьирлъулеб бук1ана гьезул к1алъаязулъ.

К1алъаязда гьоркьор гьенир рихьизаруна Мух1аммадил ваг1забазул цо-цо бут1абазул видеороликал, ц1алдохъабаз рик1к1ана гьесде рахъарал назмабигун куч1дул.

**И.ИДРИСОВ.**

Конкурсал
Бищунго лъик1ав муг1алим
Ц1ализе бегьула - 2 гьум.

Шивго к1очон гьеч1о, щибго к1очон гьеч1о
Х1ажат буго рекъел ц1унизе
Ц1ализе бегьула 7 гьум.

Дин - ислам
Ражаб моц1алъул хиралъи
Ц1ализе бегьула 8 гьум.

Г1агараб газеталъул божарал гъудулзаби,

«Бищунго лъик1ав муг1алим - 2020» конкурсал

# Рахьдал мац1

Гьединаб цIаралда гьоркь, нилъер районалда тIоритIулел руго батIи-батIиял предметазул лъикIаздасан лъикIал мугIалимзаби лъазариялда хурхарал конкурсал. Гьезул хIакъалъулъ газеталъул цересел номеразда хъванги букIана.



11-13 февралалда нилъер районалда **«Рахьдал мацIалъул бищунго лъикIав мугIалим-2020»** конкурс тIобитIана.

МагIарул ва Чачан миллатазул мугIалимзаби гIахьаллъараб гьеб тадбиралъул бутIаби тIоритIана Калининаул росдал гьоркьохъеб школалдагун Дилималъул гимназиялда.

Конкурсалъул гIахьалчагIаз гьениб бихьизабизе кколаан дарсал кьезе, гьел гIуцIизе бугеб махщел, рахьдал мацI цIуниялда тIад гьабулеб хIалтIи. Къокъ гьабун абуни, жюриялъ хал гьабиялде росун рукIана рахьдал мацI цIалдохъабаз лъикI лъазабиялъе ва гьеб цIуниялъе мугIалимзабаз гьабулеб хIалтIул киналниги рахъал.

Лъабго къоялъ халатрахъарал къецазда (магIарул мацI) тIоцебесеб бакI босана Марьям Пибадулаевна Алиукъаевалъ (лицей, Дилим), кIиабилеб-Зайнап Къасумовна Сабиевалъ (Буртунай) ва лъабабилеб –Аминат Эльмирзаевна Гъаирбековалъ (гимназия, Гуни).

Чачан мацIалъул мугIалимзабазда гьоркьой тIоцебесеб бак1 босана -Марьям Хамидовна Талибовалъ (школа №1, Ленинаул).

Призалъулал бакIал росаразе гьенир кьуна, лъайкьеялъул Управлениялъулгун райкомпрофсоюзалъул рахъалдасан, къиматал сайгъатал ва грамотаби.

Районалда бергьенлъи босарал мугIалимзаби гIахьаллъизе руго республикаялъул этапалда.

# Математика

13 февралалда Калининаул росдал гьоркьохъеб школалда т1обит1ана **«Математикаялъул бищунго лъик1ав муг1алим-2020»** конкурс. Гьединал конкурсал т1орит1иялъул мурадлъун кколабищунго лъик1 х1алт1улел муг1алимзаби т1атинари, гьезул рахь кквей, х1албихьиял т1ирит1изари, х1алт1ул къимат борхизаби ва гь.ц.



Гьеб конкурсалда г1ахьаллъана районалъул школаздаса 6 муг1алим. Лъабго бут1аялдасан («Учебное занятие», «Педагогическая мастерская», «Педагогическая разминка») г1уц1араб гьеб конкурсалда хал гьабуна дарс кьеялъе, тема рагьиялъе, бат1и-бат1ияб литература х1алт1изабиялъе, ц1алдохъабигун бухьен г1езабиялъе, лъайгун тарбия кьеялъе ва цогидалъеги муг1алимзабазул бугеб махщалил.

Киналниги рахъазул хал гьабун хадусан,жюриялъ т1оцебесеб бак1 кьуна-Г1азра Абулайсовна Висалгереевалъе(Ленинаул,№2 школа), к1иабилеб- Мух1идин Г1абдулхаликъович Мух1амадовасе (Хубар) ва лъабабилеб –Загьидат Мух1амадовна Абакаровалъе (Дилим, лицей).

Призалъулал бак1ал ккурал гьенир к1одо гьаруна лъайкьеялъул Управлениялъул грамотабаздалъун ва къиматал сайгъатаздалъун.

**Д. Г1АБДУЛАХ1ИТОВА, ИМЦялъул методист.**

«Бищунго лъикIаб библиотека-2020» конкурс...



12 февралалда (заочно) нилъер районалда тIобитIана, рехсараб цIаралда гьоркь, лъайкьеялъул учреждениябазул библиотекабазда гьоркьоб конкурс. Конкурсалда гIахьаллъана 8 библиотекарь.

Лъайкьеялъул учреждениябазул библиотекабазул хIалтIи лъикIлъи, гьезул церетIурал хIалбихьиял тIоритIизари мурадалда тIобитIараб гьеб конкурсалъул халгьабиялде росун рукIана библиотекабазул паспортазулгун хIалтIул киналниги рахъал жанире рачарал суалал.

БачIараб материалалъул хал гьабун хадуб баянлъана тIоцебесеб бакIалъе Дилим росдал гимназиялъул библиотека мустахIикълъараблъи (педагог-библиотекарь Мариям ГIазаева), кIиабилеб бакI Дубки поселокалъул библиотекаялъе щвараблъи (педагог-библиотекарь ПатIимат Ибрагьимова) ва лъабабилеб бакIалде Дилим росдал лицеялъул библиотека бачIараблъи (педагог-библиотекарь Сапият Джамбиева).

Призалъулал бакIал росаразе кьуна лъайкьеялъул Управлениялъул грамотаби. Гьезие ихтияр щвана республикаялъул этапалда гIахьаллъизеги.

**Н.МУХIАМАДХIАБИБОВА, ИМЦялъул методист.**

# Гьоболлъухъе щвана



Дагьал церегIан къояз, ай I5 февралалда нилъеца кIодо гьабуна Афгъанистаналдаса Советиял аскарал нахъе рачаралдаса 3I сон тIубай. Гьениб жидерго интернационалияб налъи тIубазабуна нилъер районалдаса гIолохъабазги. Гьезул цо-цоял гIумруялдаса ратIалъана. Ккана лъукъун нахъе рачIаралги. Гьединаздасан цояв вукIана Гертма росулъа мунагьал чураяв МухIуев Исрапил.

ЛъикIаб гIадатлъун лъугьун буго рагъул гIахьалчагIазул хъизаназухъе байрамал баркизе гьоболлъухъе ин. Гьедин I5 февралалъ Гертма росдал гьоркьохъеб школалъул мугIалим Зиралова Зайгьанат, ичIабилеб классалъул цIалдохъаби ва гьединго культураялъул хIалтIухъаби щвана Исрапилил чIужу Жариятихъе.

Гьелъ ниж разиго къабул гьаруна. Гьенир нижер ккана ракI рагьарал кIалъаял. Жариятица бицана Исрапилилги жиндиргоги букIараб цадахъаб гIумруялъул, дандчIварал захIмалъабазул, гьелъ цIалдохъабазул суалазе кьуна жавабал.

Жариятица ракI-ракIалъулаб баркала кьуна жийго кIодо гьаюн рачIарал киназего. Гьединал дандчIваяз гIолеб гIелалъе кумек гьабула гIумру бичIчIине, гьединго рухIияб тарбия щвезе, умумузе ритIухъаллъун рукIине.

**Табика ЗИРАЛОВА,**
**культураялъул хIалтIухъан, Гертма росу.**




**Прокуратура района напоминает об административной ответственности за совершение правонарушений коррупционной направленности.**

Так, статьей 19.28 Кодекса Российской Федерации об административных правонарушениях (далее-КоАП РФ) установлена ответственность за незаконную передачу, предложение или обещание от имени или в интересах юридического лица должностному лицу, лицу, выполняющему управленческие функции в коммерческой или иной организации, иностранному должностному лицу, либо должностному лицу публичной международной организации денег, ценных бумаг, иного имущества, оказание ему услуг имущественного характера, предоставление имущественных прав за совершение в интересах данного юридического лица должностным лицом, лицом, выполняющим управленческие функции в коммерческой или иной организации, иностранным должностным лицом, либо должностным лицом публичной международной организации действия (бездействие), связанного с занимаемым ими служебным положением.

Санкция данной статьи предусматривает административный штраф в размере не менее одного миллиона рублей, с конфискацией денег, ценных бумаг, другого имущества или стоимости услуг, иных имущественных прав или не менее двадцати и ста миллионов рублей за совершение таких действий в крупном и особо крупном размере соответственно. Изменениями, внесенными Федеральным законом от 03.08. 2018 № 298-ФЗ **«О внесении изменений в Кодекс Российской Федерации об административных правонарушениях»** статья 19.28 КоАП РФ дополнена частью пятой, в соответствии с которой юридическое лицо освобождается от административной ответственности за административное правонарушение, предусмотренное ст. 19.28 КоАП РФ, если оно способствовало выявлению данного правонарушения, проведению административного расследования и (или) выявлению, раскрытию и расследованию преступления, связанного с данным правонарушением, либо в отношении этого юридического лица имело место вымогательство.

Таким образом, данная норма направлена на своевременное информирование, добровольное сообщение правоохранительным органам о фактах преступной деятельности должностных лиц хозяйствующими субъектами.

---

Помощник прокурора района принял участие в заседании санитарно-противоэпидемической комиссии при администрации МР **«Казбековский район»** по вопросам обеспечения надлежащего санитарного состояния территорий поселений района.

В работе совещания приняли участие-заместители главы района, начальники структурных подразделений администрации, начальник ОМВД, руководители организаций сферы образования и медицины, а также начальник территориального отдела Управления Роспотребнадзора по Республике Дагестан в г. Кизилюрт и главы всех поселений района.

В выступлении работника прокуратуры была обозначена важность темы обсуждения, а также отмечено недостаточное взаимодействие органов местного самоуправления района со службой уполномоченных участковых ОМВД при решении вопросов о недопустимости появления несанкционированных мусоросвалок, их ликвидации и установления личности нарушителей. В своем выступлении он также отметил, что необходимо всесторонне использовать возможности и средства муниципального контроля, административных комиссий, применять комплекс мероприятий по привлечению к административной ответственности лиц, виновных в загрязнении территории бытовыми и иными отходами.

По итогам совещания принято решение усилить взаимодействие органов местного самоуправления и правоохранительных органов для установления личности виновных в загрязнении территории отходами. Отделу архитектуры, благоустройства и ЖКХ администрации района поручено разработать механизм ликвидации свалок бытовых отходов, а главам муниципалитетов завершить работы по обустройству мест накопления твердых бытовых отходов.

# Меры пожарной безопасности при использовании электронагревательных приборов




Помимо стандартного отопления (печного или парового), люди стремятся поддержать тепло в своих домах с помощью электронагревателей. Все они представляют повышенную опасность, и их неправильное использование - одна из распространенных причин пожаров. Большая часть возгораний возникает из-за халатности людей, которые, устанавливая в квартире электронагревательный прибор, даже не задумываются о возможных последствиях. А они могут быть разными: от вышедшего из строя прибора до выгоревшей дотла квартиры. Иногда жертвами становятся сами жильцы. Для того, чтобы не возникло ситуаций, способствующих возникновению пожаров, необходимо помнить:

- без необходимости не включайте одновременно в сеть все имеющиеся в домеэлектроприборы, а если вы уходите из дома, выключайте их из сети;
- ни в коем случае нельзя пользоваться поврежденными розетками и выключателями, использовать самодельные приборы;
- ремонт неисправных приборов должен производиться только квалифицированными специалистами. Особую опасность представляют собой электронагревательные приборы с пересохшими или поврежденными проводами;
- исключите попадание шнуров питания электрических обогревателей в зону теплового излучения и воду;
- соприкосновение обогревателей с мебелью и тканями вызывает тепловое воспламенение, поэтому при их эксплуатации рекомендуется использовать несгораемые ток непроводящие подставки;
- не допускайте использования горючих абажуров на электролампах;
- не допускайте устройства временных самодельных электросетей в помещениях;
- замените оголённые и ветхие электрические провода;
- не допускайте эксплуатации самодельных (кустарных) электронагревательных приборов; - соединение электрических проводов следует производить путем пропайки или опрессовки.
- не допускайте включения электронагревательных приборов без соединительной вилки.

**Электрооборудование.** Также довольно распространённой проблемой, становится использование электрооборудования. Статистика пожаров, возникших из-за неисправности в электропроводке, показывает, что большинство проблем возникает из-за неправильной установки электрооборудования. Рано или поздно непрофессионально сделанные соединения, неправильно подобранный кабель, **«жучки»** в предохранителях приведут к пожару. Для того, чтобы обезопасить вашу семью от пожара и электрических ударов, следует придерживаться некоторых правил:

- одновременное включение в электросеть нескольких электроприборов большой мощности ведет к её перегрузке и может стать причиной пожара;
- если при включении или выключении бытовой техники в розетку вы видите искры, если розетки нагреваются при включении в сеть бытовой техники - это признак слабых контактов. Лучший способ предотвратить скорый пожар - заменить розетку. Помните, что предохранители защищают от коротких замыканий, но не от пожара из-за плохих контактов;
- не используйте в быту дешёвых розеток и удлинителей, они многократно увеличивают риск пожара. Не экономьте на безопасности, покупайте только сертифицированную электрофурнитуру;
- если при включении того или иного электроприбора освещение становится чуть темнее, это верный признак того, что сеть перегружена. Это совсем не обязательно связано со слишком тонкой проводкой или перегрузкой. В большинстве случаев проблема кроется в небрежных скрутках электрических проводов или слабо затянутых контактах. А это - предвестник пожара. В данном случае нужно срочно вызывать электрика. Вероятность возникновения пожаров возрастает из-за обветшания жилого фонда, ветхой электропроводки, а самое главное - из-за невыполнения требований норм и правил пожарной безопасности и невнимательности, как со стороны собственников, так и со стороны коммунальных служб. Порой из-за небрежности, преступной халатности страдают ни в чём не повинные люди, которые за считанные минуты лишаются годами нажитого имущества. Причинами всему являются пренебрежение элементарными мерами пожарной безопасности. Ведь предупредить пожар не так уж и сложно, нужно только ваше желание и проявление предусмотрительности.

*К.Р.АБУБАКАРОВ*
*начальник ПЧ-42 с. Дылым ГКУ РД «ППС РД»*

# Поэзиялъул гъумер

## Сабруялда рукIа

ГIунтIуларелъубе квер бегьичIого,
Щварабги босун чIей, лъикI
гурищ нилъей?
Щоларелда хадур рекеричIого,
Бугелда гIей гьаби гуребищ талихI?

ГIемерал ругоан кьезе суалал
Жаваб батуларел кин цIеханиги.
Унтаби ругоан рикIкIен гIемерал,
Сабаб батуларел киве аниги.

Угьдизе биччан те цодагьалъ керен,
КантIилеб батилин каранзуниб ракI.
ГIодизе риччан те гIаданил берал
Ккарал гьалатIазул лъалкIал чуризе.

Къуле гIодоб бетIер сабру хвезегIан,
Тураяб нафсалъул лъалкI тIагIинегIан.
Накабаздаги чIун хIеле, дир гьудул,
ХIалимав БетIергьан, тIаса лъугьаян.

**МахIмуд ДАВУДХIАЖИЕВ,**
**Дилим росу.**

## ЦIар лъезе лъалареб...

Чанги чи ватула халкъалда гьоркьов
Чилъи чорхолъ гьеч1ев,
чамг1аллъи бугев,
Г1аданлъи к1очарав, намус биларав,
Бугеб абунани, квеш бихьун ч1олев.

Лъик1алин ккаралги квешлъун
рихьула,
Нилъее кьор гъезе х1адур ратула.
Гьединал дандч1вани божилъи хола,
Хадусеб г1елалъул ургъел гьабула.

Алфавит лъаларел х1алт1уда руго,
Х1акимлъи щваразда халкъ
к1очон буго.
Баг1арал дипломал дорег1ан тана,
Г1арац кьун росараз бут1рул рорхана.

Лъай х1ажатаб гьеч1о
лъай-хъвай бугони,
Х1албихьи к1вареч1о к1одолъи щвани.
Г1емер чудкал руго чахьалги понц1он,
Мискин пакъиразул харжал кваналел.

Ц1ар лъезе лъалареб гьаб заманаялъ,
Горбоде к1ич1 рехун,гьанкъулел ругин.
«Кинабин бук1инеб хадуб къисмат»,-ан
Гьелъул ургъалиде буго гьаб г1алам.

## Ракьал гIодулел руго

Ракьал руго гIодулел
Жал хIалтIизе гьареян,
Болоца рухъейилан,
Газаялъ хъусейилан.

Харабаз гьабун тараб
Полилаз рехун тараб,
Ахир кинабдай ккелеб
ТIощалилги нилъерги?

ГIалимзабаз абула,
Чед хисулеб жо гьечIин,
РачIа, чIахIий течIого,
Ракьал хIалтIизаризин!

**Хайрудин ВИСАИТОВ,**
**Калининаул росу.**

## ТIаса росе БетIергьан квешабщинаб гьабулел:

Гьарула т1аса восе
Диван къот1улев судья,
Ришват кьурав живго тун,
Кьеч1ев жанив т1амулев.

Гьарула т1аса восе
Дарман гьабулев тохтур,
Дару сабаблъиладе,
Савболилан ах1улев.

Гьарула т1аса восе
ГАИялъул инспектор
Иномарка биччалев
Жигули ч1езабулев.

Гьарула т1аса восе
Собесалъул начальник
Пособиялъул г1арац
Базаргабахъе кьолев.

Гьарула т1аса восе
Лъай ц1ехолев педагог,
Магарич чвантиниб лъун,
Чахъу ц1ализе лъолев.

Гьарула т1аса восе
Бак1ал ралев инженер,
Песок, цемент рекъеч1ел
Рукъзазе кьуч1ал лъолев.

Гьарула т1аса восе
Гьими сих1ирав завмаг,
Водка-самогон бичун,
Чахьал гьорозарулев.

Гьарула т1аса восе
Ч1умал халатав дибир
Хохол бох ц1ет1е ккани,
Ц1ар, магьари батулев.

Гьарула т1аса восе
К1ал пасих1ав депутат
Бицунелде гьабулеб
Цинг1аги данде ккеч1ев.

Гьарула т1аса восе
Х1алихьатав бихьинчи
Бац1ие жив х1елулев,
Х1амие жив къвак1улев.

Гьарула т1аса восе,
Къо-моц1 т1аде ккеч1ого,
Кьураб г1акълуялъ гурев
Г1арцухъ вахъарав х1аким.

Вах1ай, гьуя, Бет1ергьан,
Х1укму бит1арав Аллагь,
Т1аса росе киналго
Квешаб щинаб гьабулел.

**НИЯЗБЕГ АЛМАХЪСКИЙ.**

## Маг1арул мац1 хвезе лъие бокьулеб?

Маг1арул мац1 хвезе лъие бокьулеб?
Лъаларезе баян гьабулеб буго:
Гьеб хвезе бокьула, бокьараб мехалъ,
Жиндир миллаталъе хилиплъулезе.
Тушман т1аде к1анц1ун ц1унизе ккедал,
Ц1ук1аби кинниги рахчун ч1олезе.
Эбелалъ кинидахъ ах1араб коч1ол
Киг1ан дагьабниги къимат лъач1езе.
Ват1ан ц1унулаго, рух1ал кьуразул
Адаб гьабуларел гьерсихъабазе.
Ракьараб, кьечараб къо т1аде ккеч1ел,
Къварилъи бихьич1ел ч1ух1ухъабазе.
Цо жалго гурезул ургъел гьабич1ел,
Рек1елъ иях1 гьеч1ел х1алихьатазе.
Х1алт1ун г1ет1 баккич1ел, г1умру бихьич1ел,
Г1арцухъ ничги бичун, бечелъаразе.
Мац1гун цадахъ хола халкъалъул миллат,
Миллаталгун хола хадуб пачалихъ.
Гьедин пачаясул Россия биххун,
Коммунистаз ц1ияб т1алъи г1уц1ич1ищ?
Гьеб нухдасан ани, ярагъ гьеч1ого,
Биххила Россия СССР г1адин.
Хадуб жиб-жиб миллат жулилъа рахъун,
Цеве ккарав-ккарас рекила хьопал.
Цебе пачаясул Россиялдеги
Рач1унаан немцал, франкал ах1ун,
Жидер мац1 лъай гуреб, лъай жидер гьеч1ел
Лъималазда гьезул мац1 лъазе г1оло.
Цебе Россиялда дворяназе
Г1урус мац1алъ к1алъай г1адаб бук1ана,
Француз мац1 бицин берцинги бихьун,
Бук1ана гьезие гьабулеб лагълъи.
Гьарулел балалги данделъабиги
Иностранец гьеч1еб гьабулароан,
Гьезул гуреб мац1алъ гаргадарав чи,
Гьардухъан г1адинан, г1ад гьавулаан.
Гьаб Дагъистаналда цоги миллатал,
Маг1арулал г1адин, г1адаллъун гьеч1о,
Гьез жидерго к1иго чи данделъидал
Лъараг1, г1авухъ калам кибго бицуна.
Цох1о улкаялъул нус-нус миллатал,
Инсанасул чорхол нусабго лага,
Цох1о сан унтани, черхго унтулеб,
Жиндир-жиндир хасаб хасият бугел.
Киназего г1аммаб черх берцинлъизе
Гьелъул габуралда рарал маржанал,
Цо гьоркьоса т1уни, т1олго риххулел,
Т1еч1ого кун тани, ч1урканлъи бугел.
Гьанжесел поэтаз реч1арал ч1ораз
Ч1ван лъуг1улел гьеч1ин гьал жагьилзаби
Цо бег1ераб раг1и маг1арул мац1алъ
Г1ужда реч1е, Расул, босун ишангун.
Дур мац1 хвезабизе хиял лъуразе,
Хех вахъв, хъван тарал куч1дул ц1ализе.
Метер маг1арул мац1 хвезе батани,
Хваги жакъайилан, жаниб рак1 кьвагьун.
Трибуналде вахун, заралги кьабун,
Кьижарал ракьцоял рорч1изе гьаре
Дудаго ругьунаб гьаракьалъ куч1дул,
Ц1алун, кант1изабе кинабго г1алам.
Гьедиг1ан бигьаго чучизейищха
Рачел умумуца борчун бук1араб?
Гьедиг1ан учузго бичизейищха
Шамилица хвалчен борчун бук1араб?
Вахъа, Шамил, ах1е авар халкъ данде
Ах1улгох1да г1адаб г1адлу гьабизе,
Гьенир кьалда хварал бах1арзал раче,
Биччанте цох1оги нилъер х1ал лъазе.
Хобал рихъизарун рахъа, умумул,
Нахъияб г1елалъе г1адлу гьабизе
Гьел унел нухазул кьоялги риххун,
Кьурулъан сухъмахъал ц1илъизаризе.

**М-запир Г1абдулманапов, Ц1ияб Данухъ росу.**

# Лъималазе гъумер



## Кетуги церги

**(Маргъа)**

Цо чиясул бук1арабила Кету. Гьес гьеб, рохьобеги бачун, гьениб рехун тун буго. Гьесда ч1алг1ун бук1ун буго гьеб г1емер ц1огьодун. Рохьоб, х1ал лъалареб бак1алда, х1инкъадго хьвада-ч1вадулеб бук1араб катида данделъун буго цо цер. Кету бихьараб мехалъ, цер ц1акъ тамашалъун хут1ун буго: киг1ан мехалъ рохьоб хьваданиги, дида гьадинаб рух1ч1аголъи бихьун бук1инч1илан, г1ажаиблъи гьабун буго.

-Мун щиб, ц1ар щиб дуда? - ян гьикъанила цараца.

-Михъалги кьурун, катица абунила: буго рохьил хан кетуг1али, - ян.

-Дир добе гьоболлъухъ билълъа мун, - ан абунила цараца.

Гьелда разилъун, кету цархъе гьоболлъухъ анила. Гьелдаса хадур гьел к1иялго цадахъ г1умру гьабизе лъугьанила.

Цо къоялъ цер чанабе анила, кетуги рокъоб тун. Царада рохьоб цо бац1 данделъанила.

-Мун киб бук1араб, цер? - ан гьикъанила бац1ица.

-Гьанже дун росасе ун буго, - ян абунила цараца.

-Щив, гъарин, гьев дур рос? - ан гьикъанила бац1ица.

-Кетуг1али абун буго цо рохьазул хан, - ан биценила цараца.

-Цо гьелъухъ балагьизе бегьуларищ дун? - ан гьикъанила бац1ица.

-Валлагь, бегьула, щай бегьулареб. Амма ц1акъ ццидалаб жо бугоха эб, дир бет1ергьанчи. Цощинаб ццим бахъун, гьелъ мун кун тезеги бегьула, - ян абунила цараца. Бач1унеб батани гьеб бихьизе, гьелъие цо лъик1аб сайигъатги босунг1аги бач1аха.



Гьелдаса хадуб рохьоб царада данделъун буго ци.

-Мун киб бук1араб, цер? - ан гьикъанила цица.

-Гьанже дун росасе ун йиго.

-Лъие мун росасе арай, цер?

-Кетуг1али абулев рохьалъул ханасе ун йиго дун росасе.

-Гьелъухъ балагьизе бегьуларищ, гъарин, цер?

-Бегьула, щай бегьулареб, амма ц1акъ ццидалаб жо буго гьеб. Гьелъие цо сайгъат босунг1аги бач1ине ккелаха, гурони, гьелъ мун цидакье кун тезеги бегьула, - ян абунила цараца.

Бац1ица сайигъаталъе цо куй бачун бач1анила. Цица цадахъго цо оц бач1анила. Гьеб сайигъат-саламгун рач1ун, циги бац1ги к1алт1а ч1ун рук1анила, царадаги катидаги т1аде лъугьине изну т1алаб гьабун.

Гьеб мехалъ цо г1анк1 бук1анила хъархъида гъорлъ бахчун, ва гьеб лах1заталда гьениса т1урун биччан танила. Гьелда хадуб ци ах1дон буго:

- Царадаги катидаги абе, гьанир гьалбал ругин балагьун ч1ун, изну т1алаб гьабулел, - ан.

Цицаги бац1ицаги, цо хьвараб бак1алде лъугьун, ч1езе къасд гьабунила. Ци цо гъот1одеги бахун ч1анила, бац1 цида гьарданила жибги бахчизе цо г1амал гьабеян абун. Цица абунила, гъоб хъархъилъе жанибе лъугьун, бахчун ч1аян мунгиян.

Гъоркьеги лъугьун, цица гьеб бац1 бахчараб хъархъиде т1аде цо дагьал т1анхал реханила, жибгоги цо гъот1оде бахун ч1анила. Гьезул бараб ругьел г1анк1ица царадеги катидеги щвезабунила, гьалбал рач1ун ругин биценила.

Гьалбадериде данде церги кетуги къват1ире рач1анила. Цида бищун цере рихьанила гьел къват1ире рач1унел «Вабабай, царал росасул гьит1инлъи», - ян абунила бац1ида гьелъ.

Къват1ибе бач1арабго кету, оцода т1ад реч1ч1анила миг1ав, миг1ав, миг1ав абун, гьеб т1ут1узе лъугьанила. Вабабай,ункъо циялье г1олеб оц цо катие г1езехъин гьеч1о, киг1ан чехь хьант1араб жо аб бугебан ракlалде кканила цида.

Гьеб мехалъ бац1иеги бокьанила гьеб катица гьабулеб жоялъухъ балагьизе. Т1амахги багъа-бакаризе гьабун, бигьагьабун, г1ундулги гъуц1изарун, бакканила бац1. Т1амах багъарарабго, г1унк1к1 бугилан ккун, кету к1анц1анила бац1иде т1аде. Бац1аца т1урун биччан танила. Бац1идаса х1инкъун, кету гъот1оде т1аде ххарун анила. Гъот1ода бук1араб ци, х1инкъун, кету жинде т1аде бач1унеб бугилан ккун, хьатамасан гьоркье к1анц1анила. Гьеб куцалда гьоболлъухъ рач1арал бац1ги циги лъутун анила.

- Вере, кккве, вере кккве, ци, - ян ах1долеб бук1анила.

Гьелдаса нахъе рохьоб бук1арабщинаб рух1ч1аголъи царадасаги катидасаги х1инкъулаанила. Ал к1иялго абуни, сайигъаталъе бач1араб куйги оцги кун, кепалда рук1анила.

**Гъумер х1адур гьабуна Асият Дибироваль.**

## Шарадаби

Ц1арул авал «**Г1**» бугони,
Г1алхул х1айван бук1уна дун;
«**Г1**» хисани «**Т1**»-ялдалъун,
Т1ахьазда г1емераб дун.

*****

Авалалда «**Р**» лъунани,
Антоним дир рагъ бук1уна;
«**Р**»-ги хисун, «**Гь**» хъванани,
Гьаглъиялъул лъим ккола дун.

*****

Ц1арулъ цебе «**Ц1**» хъванани,
Ц1акъ т1аг1амаб пихъ ккола дун;
«**Ц1**» хисани, «**Хь**»-ялдалъун,
Хьимада цун вегулеб бак1.

*****

«**Ч1**»- ялдаса байбихьани,
Рухьеналъе пайдаяб дун;
«**Гь**»-ялдалъун «**Ч1**» хисани,
Хуриб бекьун бижулеб дун.

## Биценк1аби

Араб т1ад буссунареб жо.

*****

Берал гьеч1ого т1олеб маг1у.

*****

Берал г1одор цун билълъунеб жо.

*****

Борхатаб кьурулъ к1иго хъинс.

*****

Г1ундул х1амил, х1ат1ал катил, рач1 цидул.

*****

Релъулезе релъулеб, г1одулезе г1одулеб.

*****

Къват1ир гъалалги гьурщун жаний ч1арай меседо.

*****

Дунялги сверун ссанда гъоркь к1усулел.

*****

Кьурулъ бухъардулеб, авлахалда щущалеб.

*****

Ракьулъе кьалбал риччараб, кьурулъ бусен гьабулеб.



Согласовано
Глава Администрации
МР «Казбековский район РД
Мусаев Г. Г.______________
11. 02. 2020 г.

## ГРАФИК

***проведения технического осмотра тракторов, самоходных дорожно-строительных и иных машин и прицепов к ним в МР «Казбековский район» РД за 2020 г.***

| № п/п | Наименоваиие организаций и адрес. | Сроки проведения | Место и время проведения | Ко-во единиц. | Ф.И.О. Руководителя тел. |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | СПК «Дружба» с. Ленинаул | 24.03. 2020г. | Машинный двор. 9-00 | 18 ед. | Шамирзаев И. Ш. 89887712000 |
| 2 | Администрация сельского поселения «село Ленинаул» , частные с. Ленинаул и.т.д. | 24-25.03. 2020г. | Машинный двор СПК «Дружба» (по согласованию) с 9-00 до 18-00 | 44 ед. | Батилгереев М. З. 89896577048 |
| 3 | СПК «Победа» с. Калининаул | 25,12. 2020г. | Машинный двор 9-00 | 3 ед. | Висаитов В.П. 89882690999 |
| 4 | Администрация сель ского поселения «село Калининаул», частные с. Калининаул и.т.д. | 27.03. 2020г. | Машинный двор СПК «Победа» (по согласованию) с 9-00 до 18-00 | 35 ед, | Гаджиев Г. С. 89886195658 |
| 5 | СПК «Нов.Жизнь» с. Гуни | 31.03. 2020г. | Машинный двор 9-00 | 10.ед | Садыков Х. Р. 89896577141 |
| 6 | Администрация сельского поселения «село Гуни», частные с Гуни, и т.д. | 31.03. 2020г. | Машинный двор СПК«Нов. Жизнь» (по согласованию) с 9-00 до 18-00 | 25 ед. | Ильясов И. З. 89884549191 |
| 7 | СИК « Весна» с. Гертма | 01.04. 2020г. | Машинный двор 9-00 | 1 ед. | Мусаев А. М. 89034772221 |
| 8 | Администрация сельского поселения «село Гертма» частные с. Гертма и т.д. | 01.04. 2020г. | Машинный двор СПК «Гертма» (по согласованию) с 9-00 до 18-00 | 12 ед. | Чалухов З. С. 89285519599 |
| 9 | СПК «Чапаева» с Иичха | 03.04. 2020г. | Машинный двор 9-00 | 1 ед. | Пайзулаев М. Х. 89882988631 |
| 10 | Администрация поселения «село Инчха , частные с. Инчха .и.т.д. | 03.04. 2020г. | Машинный двор СПК «Чапаева» (по согласованию} с 9-00 до 18-00 | 10 ед. | Шебиханов А. И. 898913.36783 |
| 11 | СПК «Казбек» с.Иха | 07.04. 2020г. | Машинный двор 9-00 | 4 ед. | Зубайриев З. К. 89896669063 |
| 12 | М VII «Хубар» с Хубар | 26.06. 2020г. | Машинный двор 9-00 | 4 ед. | Алмасханов А. Х. 89882643573 |
| 13 | Администрация сельского поселения с/ с «Хубарский»Частные с. Хубар с. Иха и.т.д. | 07.04. 2020г. | Машинный двор МУП «Хубар» (по согласованию) с 9-00 до 18-00 | 21ед. | Беркиханов Б. М. 89886385706 |
| 14 | Администрация сельского поселения «село Гостала» частные с. Гостала и.т.д. | 03.04. 2020г. | Машинный двор ПК «Гостала» (по согласованию) 9-00 | 7 ед. | Абакаров А. Г. 89883005060 |
| 15 | ООО « совхоз Алмакский» с. Алмак | 05.09. 2020г. | Машинный двор 9-00 | 2 ед. | Лугуева З. Ш. 89882760062 |
| 16 | Администрация сельского поселения «село Алмак» , частные Алмак и. г. д. | 08 04. 2020г. | Машинный двор» ООО С/Х «Алмак» (но согласованию) с 09-00 до 18-00 | 44 ед. | Сад героев М. И. 89882090111 |
| 1 7 | ОАО «Казбековское ДЭП. № 15» с. Дылым | 10.04. 2020г. | Машинный двор 9-00 | 8 ед. | Темирбулатов Х.М. 89882659988 |
| 18 | ООО ХДСУ «Дылымское» с. Дылым | 10.04. 2020г. | Машинный двор 11 -00 | 1 ед. | Темирбулатов В. |
| 19 | МУП МТС «Казбековская» с. Дылым | 24.03. 2020г. | Машинный двор 9-00 | 4 ед. | Салаев Т.И. 89898937544 |
| 20 | ГУП «Дылымское» с. Дылым | 10.04. 2020г. | Машинный двор 9-00 | 10 ед. | Мухудинов А.У. 89898638341 |
| 21 | ООО «Транспорт» с. Дылым | 29.09. 2020г. | Машинный двор 9-00 | 3 ед. | Абакаров И.Э. 89887972687 |
| 22 | Администрации сельского поселения «село Дылым». частные с. Дылым и.т.д | 14.04. 2020г. | Машинный двор ГУП «Дылымское» (по согласованию) с 9-00 до 18-00 | 33ед. | Магомедов И.М. 89894733137 |
| 23 | СПК «им. Хасаева М и Касумова Р» с. Буртунай | 18.09. 2020г. | Машинный двор 9-00 | 6 ед. | Гамзатов У.М. 892S9411555 |
| 24 | Администрация сельского поселения «село Буртунай» частные с. Буртунай и. т. д. | 15.04. 2020г. | Машинный двор СПК «им. Хасаева М и Касумова Р» (по согласованию) с 9-00 до 18-00 | 50ед, | Салманов А.М. 89882701617 |
| 25 | Администрация П ГТ пос. «Дубки», частные пос. Дубки и. т. д. | 17.04. 2020г. | По согласованию с инспекцией 9-00 | | Абакаров А. А. 89289693742 |
| 26 | Администрация сельского поселения «с/с Артлухский», частные с. Артлух и.т.д | 17.04. 2020г. | По согласованию с инспекцией е 9-30 до 18-00 | 12 ед. | Алисултанов М. А. 89285098181 |
| 27 | Прикутанные х-ва Казбековского р-она Бабаюртовской зоны РД | С 20.04. 2020г. по 25.04. 2020г. | Машинный двор (прикутанные х-ва) Казбековского р-она Бабаюрговской зоны РД (по согласованию) 9-00 | | Руководители х-в, орган., учреждений. |

**Итого:** 368 ед. самоходных машин и прицепов к ним .

**Примечания.**

1. При проведении технических осмотров в предприятиях и организациях, так же представляют технику на технический осмотр физические лица и крестьянские (фермерские) хозяйства, ООО и.т.д. по месту их нахождения, а машин сезонного использования-перед началом каждого вида работ, но не позднее, чем за 15 дней до их начала (по согласованию с инспекцией Гостехнадзора.

2. Техосмотр физическим лицам или иным собственникам вне графика, будет проводится межрайонной инспекции ГТН № 08 в приемные дни с. Дылым ул. Ветеринарная 2,

(по согласованию по тел. моб. 89883006664.

3. Сроки перечисления (оплаты) госпошлины до начало технического осмотра по коду: КБК 93010807142011000110, ИНН 0562051892, КПП 057201001, БИК 048209001, ОКТМО 82 622 000, Р/С 40101810600000011021 УФК РФ по РД (Инспекция Гостехнадзор РД)

***Б.П. ЭМЕЧОВ, главный государственный инженер-инспектор МРИ ГТН № 08 РД***

# Еще раз о «мусорной реформе»

Уважаемые жители района прошло более 1 года, как стартовала реформа мусорной отрасли в России. Соответственно с 1 января 2019 в северной зоне куда относится и Казбековский район к исполнении обязанностей приступил региональный оператор ООО **«Дагэкосити».**

Однако по субъективным и объективным причинам они не смогли организовать эту работу в нашем районе. Работа по сей день не налажена.

В настоящее время произошли кадровые изменения в руководстве компании ООО **«Дагэкосити»,** в связи с этим надеемся на плодотворную работу регионального оператора и администрации сельских поселений.

У муниципальных образований нет договоров с региональным оператором на сбор, обработку и утилизацию ТКО.

С одной стороны документ носит характер публичной оферты.

С другой стороны, эта работа практически не проводится, тем более, что у регионального оператора нет ресурсов, чтобы обслуживать даже ближние населенные пункты района.

Благодаря главам АСП и жителям района на местах стараются как-то справится с вывозом мусора, хотя еще имеются много не решенных вопросов.

В частности с приближением весны появляются несанкционированные мусорные свалки, которые необходимо ликвидировать.

Контрольные и надзирающие органы либерально относятся к выявлению и принятии необходимых мер к правонарушителям санитарного состояния.

Необходимо определить в каждом населенном пункте места установки контейнерных площадок для сбора ТКО.

Жители района не довольны ростом тарифов за вывоз мусора.

Они не понимают, за что платить вдвое больше, если принципиальных изменений в системе вывоза и утилизации твердых коммунальных отходов не произошло.

Мы готовы через средства массовой информации озвучить наиболее актуальные вопросы, связанные с ТКО и благоустройством мест нашего с вами проживания.

Обсудить любые предложения, направленные на улучшения этой работы.

Говоря о **«мусорной реформе»** нам предстоит внести ясность государственной политики перехода на новую систему по обращению наших с вами отходов производства и потребления.

Каждый из нас с рождения и до самой смерти, так или иначе, причастны к отходам. Мы их производим.

Нет такого человека на земле, который не производит отходы.

Наше с вами пренебрежительное отношение к правильному обращению к производимым нами отходам, подчас приводить к очень негативным и плачевным последствиям для мест нашего с вами проживания.

Многие из нас часто бывают свидетелями свалок мусора и отходов, накапливаемых в черте ареала нашего с вами проживания.

Эти свалки привлекают разных животных, собак, ворон, крыс, которые являются разносчиками разных инфекционных заразных заболеваний.

При правильной организации обращения с нашими с вами отходами производства и потребления, само по себе сойдёт на нет и проблема с собаками, крысами, воронами и прочей живностью, ведь этих животных привлекают наши с вами отходы.

Конечно, если человек нормальный, воспитан в духе ислама, уважает себя, своих родных, соседей, любит свой город и район, и в целом республику, то такой человек будет прилагать усилие чтобы навести, хоть какой-то элементарный порядок.

Один в поле не воин.

Так давайте все здравомыслящие объединимся вокруг идеи очищения в первую очередь территории мест своего проживания, а там глядишь, и большинство территории района окажется, прибранной и обихоженной.

***Г.Б.ГАИРБИЕВ. главный специалист отдела архитектуры***

«Щивго к1очон гьеч1о, щибго к1очон гьеч1о» конкурс

# ХIажат буго рекъел цIунизе




1942 соналъул марталда ВатIанияб рагъде уна Буртунай росулъа мухъилав колхозник, кIиго лъимадул эмен Къадиев Дани. Гьебго заманалда рагъде уна гьесул цогидав вац Надирбегги. Гьезда цеве, рагъ байбихьилелдего, Советияб армиялда хъулухъ гьабулев вукIуна гьезул вац Къадиги.

Данил нахъе хутIула лъади Халисат ва васал: Гьашимги ГIумарги. Гьеб заманалда Гьашимил букIуна 3-4 сон, ГIумарил жеги лъагIел тIубан букIунаро. Рагъде ун цо сон инелдего, хабар бачIуна, Дани, араб бакI лъачIого, тIагIанилан. КIиявго васги каранде къан, къватIир бералги лъун, жакъа - метер рагъдаса гьев вачIинаян абурал пикрабазда йикIуна (жиндир рухI Алжаналда батаяй) Халисат.

Жинцаго кваначIого, квен гьезие кьун, щвараб ретIичIого, ретIел тIад ретIун, гIезарула гьелъ кIиявго вас. ЗахIматал, хIалхьи гьечIел, **«Кинабго фронталъе»,** -ян ахIи барал соназ бакIаб юк баччизе ккола гьелъ, гьей гIадинал нус-нус, аза-азар, рагъде лъималги росалги ун, хутIарал руччабаз.

Иргъахъги кодоб ккун, вехьлъиги, харицелалъ рецариги, кутнаца рекьариги бегула гьезда т1ад. Ракъарал, къечарал, мичI-хер, микк, цIоросаролъил хIокI хенараб ярма, хIанку кванан колхозалда хIалтIулаго, уна гьезул гIолохъанлъи. Колхозалда кваназе кьолеб лъабго хинкIалъул кIигояб лъималазеги босун, эбелалъ г1умруялъул нухде рахъинарула кIиявго вас.

КигIанасеб гIакъуба къварилъи бихьаниги, киг1ан къисматалъ кIвекIаниги, хIал лъазе биччачIого, жиндирго яхIги намусги щула цIунана гьелъ.Уна сонал, Гьашим, гIагараб росдал школаги лъугIизабун, цIалула Саратовалъул милициялъул училищеялда. Хадусан хIалтIула - Каспийск, Кочубей, Гъизляр, шагьаразда (цIех-рехалъул органаз следовательлъун).

ГIумар (Эменав), анкьго класс лъугIарабго, уна Советияб Армиялде, гьениса тIадвуссиндал лъу -гIизабула I0 класс ва Хасавюрталъул росдал магIишаталъул техникум. ХIалтIула гIагараб росдал школалда кIудияв пионервожатыйлъун , хадусан гьес тIаса бищула механизаторлъи. Гьедин, цо ккун, кIиго ккун, фронтовикасул васас гали тIамуна цебехун. Тракторалда хIалтIиялдасан байбихьун, гьев щола **«Буртунайский»** совхозалъул бетIерав инженерасул хъулухъалде.

36 соналъ гьабула Г1умарица гIагараб росдал гIаммаб магIишатат цебетIезабиялда тIад гIунги тIокIаб хIалтIи. 1991 соналъул январалда буртабазул совхозалъул букIана 172 автотранспорт. Гьездасан - 28 трактор, 8 комбайн 71 автомашина ва цогидабги техника. Гьенир хIалтIулел механизатораз гъутаналда 1000 ва росулъ 600 га ракьалъул бекьулеб букIана.

Гьениса бачIараб тIощел бакIариги, 16000 бетIер гIи-цIаназеги, 1000 чIегIерхIайваналъеги рагIи-хер хIадур гьаби букIана механизаторазда цебе чIараб аслияб масъала.

Рехсарал соназ щибаб магIишатияб бутIаялдаса бакIарулеб тIощалил къадар цIикIкIунеб букIана, планалда бихьизабуралдаса 110-120 проценталъ. Цо лемагалдаса къунцIулаан 2,5 - 2,8 кг. квасул, щибаб гIакдаца кьолаан 2500- 2800 литр рахьдал ва 100 лемагалда хадуб цIунулеб букIана 90-95 кьегIер.

Гьединаб, къагIидаялда, ракIбацIцIадго, гьабураб хIалтIул хIасилалда, гIемерал механизаторал мустахIикълъана пачалихъалъул тIадегIанал шапакъатазе, къиматал сайгъатазе ва Баркалаялъул кагътазе. Рехсарал соназ ГIумарги (Эменав) вукIана цебесеб кьерда. Республикаялдагун районалда гьабулаан гьесул къимат. Районалъул ХIурматалъул хъорщодаса гьесул сурат камулароан.

Сонал ана. Пачалихъалда ккана чIахIиял хиса-басиял. Риххана колхозал. Араб бакI лъачIого, тIагIана совхозалдаса тIолабго техника.КIочон тана рекьи, реци ва цогидаб магIишат. ЧIороголъана, хадур тIатIала ккана 100-100 гIачигун бачал жанир рукIарал бокьал. ХIалтIиги гьечIого, моцIалъухъ балагьарал цурдул гIадин, хутIана росдал гIадамал. ГIемерал гIолилал ана шагьаразда бетIербахъи гьабизе .

1000 цIараки букIараб Буртунаялда хутIана 600 - ялде гIагарун цIараки. Кин-щиб букIун батаниги, бесдаллъи чIамурал,чIухIун хьвадичIел васаздасан ккола Къадиев Данил васал Гьашимги ГIумарги (Эменав).

Руго гьезул , лъикIаб тарбияги кьун, гIезарурал лъимал, гьезулги лъимал. Щивасул буго жиде- жидер магIишат-яшав. Рагъде арал лъабавго вацазул цого-цо Надирбег тIадвуссана . Дагьал церегIан соназ гьевги накълулъана. Гьедин, Буртунай росулъа ВатIанияб рагъде арав 409 чиясул жакъа къоялде цонигияв нахъе хутIун гьечIо. Руго нахъе хутIун бесдаллъиялда гIумру арал, «дада»,- ян къвалги жемун, ургъел бикьизе аскIов эмен гьечIого гIурал васалги ясалги.

Гьеб буго доб вахIшияб рагъалъ нилъее нахъа тараб, кидаго жиб сахлъулареб ругъун. Гьединлъидал, жакъа нилъее хIажат буго рекъел цIунизе. Рагъуй къали бухунезда **«ЧIа, нуж!»**,-ан абизе. Гьаб макъалаялда дица бицана улкаялда ругел миллионал, рагъуца ругъун лъурал лъималазул цояллъун кколел, гьелъ лъукъарал улбузул к1иго васасул ва гьезие г1оло г1умру т1амурай маг1арулалъул.

Машгьурай шагIир, Дагъистаналъул чIухIи, Залму Батировалъул гьал рагIабаз нилъее бицуна, рагъде росги ун, хутIарай гIаданалъул рекIел пикрабазул. Биччанте газета ц1алулез пикру гьабизе гьал гъваридаб маг1наялъул раг1абазул ва гьел даималъ рек1елъ ц1унизе.

**ГIумругIан халатаб хасалил сардилъ,**
**Хиялаз бачахъун, тIурула макьу.**
**Цин гьанирехун чIван,дорехун сверун,**
**Свакарал лугбуца зурула сахлъи.**
**Гордухъан гьимула лъедон унеб моцI,**
**ЦIорораб канлъуца лъалъала бусен.**
**ЧIунтун бугеб черхалъ хьибил хисидал,**
**Дир бадисан уна бухIараб магIу.**
**Макьу тIурун арал тIелхалги рорхун,**
**Шурула дицаги къедахун юссун.**
**Мун вукIараб гIела,мун лъараб гIела,**
**Мунгун цадахъ тараб къокъаб нух гIела.**
**Амма, гьудул, дида цо жо лъаларо,**
**Мун дир рекIелъ вуго къасиги къадги.**
**Рагъул майданалда дур хоб батани,**
**Дир хобалда зани лъицадай чIвала?**

**М.ГI. ЧУПАЛАЕВ**

## К1удадал сурат

Гьале дун к1удадал сурат кодобгун
Гьелъул хал гьабулев, пикрабазги ккун.
Лъаларо щаяли,гьелъ дир рек1ее
К1удияб цо асар буго гьабулеб.
Жеги сонал г1еч1ев г1олохъанав вас
Ват1ан ц1унизе ин гьеб х1акъаб буго.
Бах1арчиго вагъун, бергьенлъи босун,
Бараб буго гьесул каранда медаль.
Вуссинч1о к1удада рагъдаса рукъов,
Сурат гуреб гьесул нахъе хут1ич1о.
Рагъда т1аг1аразул ц1арал т1ад хъвараб
Хъорщода ц1ар буго гьев солдатасул.

**Г1абдурах1ман ЖАМАЛДИНОВ,**
**4 кл. ц1алдохъан, Буртунай росу.**

## ВатIан цIунарал росуцоязе даимаб рецц!

Бергьенлъиялъул къо гIунтIулеб бугин,
Нужер хIал кин бугеб рагъул бахIарзал?
Алжан нужее щвей, гьеб щакаб гьечIо
**«ЖужахIалъул»** корал х1ехьон ругелъул.
Унго вачIинарищ, ГIалил Ибрагьим,
КIиго **«БагIараб цIва»** карандаги бан?
ГIумаханил Исуб, дир росуцояв,
Тушманасул рукIун биххизабурав.
Борхе къоно тIаде, лебалал васал.
Бергьенлъиялъул къо баркизе бугин.
Ахгубеков босе доб **«Слава»** орден,
Аралъувго чIоге, Вагьаев Расул.
РуссинчIо рагъдаса гIемерал васал
ГIагараб росулъе, Дагъисталалде.
Доба. вацлъиялъул хабазда жаниб
Жакъаги сас буго рагъул соназул.
Сунарел цIаязул кунчIи бихьула
Курскгун, Смоленскалда, доб Мамаев гохIда.
ХIал щвараб Ленинград, биххараб Орел.
Аза- азар шагьар нужер нугI ккола.
Миллионал хварал, хабалалъ лъечIел,
ЧIегIерал фашистаз гIужие гъурал,
ЦIадул печахъе ран, крематоразда,
РухIарал солдатал кида кIоченел?
КIал гьикъун, нужеца гулид восарав,
Тушманасул ахир, маялъул къоял.
Бергьенлъиялъул къо жакъаги цебе,
Берлиналъул бункер, бихх- биххун бараб.
Баркула нужеда, дир росуцоял,
Гитлерил къавмалда къоно чIвараб къо.
Рахъе тIагърал тIаса, чIа нуж, сихIкъотIун,
Рагъул дол бахIарзал ракIалде щвезе.

**Хадижат ГIабдулаева,**
**I0 кл.цIалдохъан,Буртунай росу.**

Инсан ва г1умру

## Дир мугIалим

*ЦIали хазиналъи дида малъарай,*
*ГIумруялъул дарсал дие цIаларай,*
*ГIемераб жоялде кантIизаюрай,*
*Йокьула дие мун, нижер мугIалим!*

Буртунай росдал гьоркьохъеб школалда дагьал гьечIо жидеца тIаса бищараб махщалие ритIухъал, умумузулги цIалдохъабазулги баркалаялъе мустахIикъал мугIалимзаби. Гьединазда гьоркьоса цояйлъун ккола авар мацIалъул ва адабияталъул мугIалим Зайнап Къасумовна Сабиева.

Сабиевалъ тIокIлъиялда лъугIизабуна Хасавюрталъул педагогическияб колледж ва гIагараб школалде тIадюссана. Гьей хIалтIизе лъугьана авар мацIалъул ва адабияталъул мугIалимлъун. Кинаб хиса-баси кканиги, хисичIо нижер мугIалим лъималазде бугеб жиндирго рокьиялъеги мугIалимасул цIаралъеги. Гьелъ дарсал кьолел лъималазул буго гъваридаб лъай, цIалуда хадургъей ва мисалияб гIадлу-низам. Гьеб киналъего нугIлъи гьабула Зайнапил цIалдохъабаз батIи-батIиял къецазда росулел бергьенлъабаз ва гьез гьелъул махщел тIаса бищиялъ.

Зайнап Къасумовналъ хIалтIизарула дарсал кьеялъул бат1и-бат1иял къагIидаби. Гьелъул ц1алдохъаби гIахьаллъула олимпиадазда, конкурсазда ва цогидалги къецазда. Гьезие гьенир щола призалъулал бак1ал. Жийго Зайнапги г1ахьаллъула районалда т1орит1улел къецазда. Гьедин, гьаб соналъ т1обит1араб **«Бищунго лъик1ав авар мац1алъул муг1алим»**конкурсалда Зайнапие щвана кIиабилеб бакI. Гьей, кIвахIтун, хIалтIула жиндирго лъай борхизабиялда тIадги, гьелда заман батула газеталгун журналал цIализеги. Гьелъул столалдаса камуларо -**«ХIакъикъат», «Чапар», «Гьудуллъи»** ва гь. ц. газеталгун журналал. Гьелъ рахъула ва ахIула кучIдулги.

Авар мацIалъул ва адабияталъул анкь Зайнапица байрамалде сверизабула. Гьелъ лъималазда гьоркьор тIоритIула къецал ва рагьарал дарсал.

Дир рекIелъ кIудияб лъалкI тана З.Къ. Сабиевалъ. Гьелъ ячана дун махщалил нухде. Баркала дуе, дир мугIалим!

**Асият АСЛАНОВА, Буртунай росу.**

*Дин-ислам*

# Ражаб моц1алъул хиралъи

24-леб февраль кола,астрономиял х1исабазда рекъон, исана ражаб моц1алъул т1оцебесеб къо. Гьал моц1аз гьабураб лъик1аб г1амалалъухъ ва г1ибадаталъухъ кири Аллагьас чанго нухалъ ц1ик1к1инабула ва тавбу гьабуразул мунагьал чурула. Гьедин бусурбабазе рес щола Къисмасеб къоялъ ц1адирабазул лъик1аб г1амал лъолеб рахъ бак1лъизабизе. Аллагьасул гьеб рах1маталдаса пайда босунгут1и бусурманчиясул г1антлъи бук1инарищха? Аварагасул х1адисалда абун буго: « Хвалда цебе рек1ее рах1ат, иманалда рух1 бахъи ва шайт1аналдаса хвасарлъи бокьун батани, гьел моц1азул адаб гьабе, мунагьаздаса тавбуги гьабун,к1алалги ккун»,-илан.

РахIматал чвахулеб Ражаб моцIалъ жигара бахъе кIал ккевзе! Ражаб моцIалъул цо кIал ккурав чи Аллагьас Фирдавус Алжан кьун кIодо гьавула. КIиго кIал ккурав кIицIул цIикIкIараб кири хъван рази гьавула. Лъабго кIал ккурав кIицIул цIикIкIараб кири хъван рази гьавула. Лъабго кIал ккурав лъагIалил манзилалъ ЖужахIалдаса рикIкIад гьавула. Ункъго кIал ккурав квешаб унтудаса цIунун хьихьула. Щуго кIал ккурав хабал гIазабалдаса цIунула. Анлъго кIал ккурав моцIрол нур гIадаб гвангъараб гьумергун тIаде вахъуна. ЖужахIалде бугеб анкьабго нуцIа анкьго кIал ккурасе рахан батула. Алжаналде бугеб микьабго гъафу микьго кIал ккурасе рагьун батула. АнцIила цо къоялъ кIал ккурав къадру кIудиязул мухъилъ вукIуна. АнцIила кIиго кIал ккурасда Алжаналъул кIиго халгIат ретIула. АнцIила лъабго кIал ккурав квана-гьекъон тола ГIаршалъул рагIдукь. АнцIила ункъо кIал тIобитIарасе сайгъат гьабулелъул бицун хал кIоларо. АнцIила щуго кIал тIобитIарасе киналго малаикзабаз рохел баркула.АнцIила анлъго кIалккуразда тIоцеве вихьула БетIергьан Аллагь. АнцIила анкьго кIал ккурасда СиратI бахунаго къо бихьуларо. АнцIила микьго кIал ккурав чиясде зияраталъ щола Ибрагьихалил (гI.с.) АнцIила ичIго кIал ккурав Адам Авараггун (гI.с.) мадугьаллъула. Къоабилеб кIалги тIобитIун ккуни, тIолго мунагьал чурула. Лъеберабго кIал ккун моцI тIобитIани, тIасан гьаватифалъ гьесде ахIула: «Я валияЛлагь! Дуе кIудияб рохел буго халкъго пашманлъараб захIматаб къоялъ!»- илан.

ТIубараб моцIалъ кIал ккевзе сахлъиялъе гIоло рес ккечIес лъабго къоялъниги ккевзе жигар бахъе 6 авалаб, ахираб,анцIила щуйилъ,ИншаАллагь, щвела моцIалъул кири. Хирияб буго Ражабалъул тIоцебесеб хамиз къоялъ кIал ккевзеги.

Ражаб гьединго ккола жидер адаб гьабун Аллагьас рагъ гьабизе гьукъараб ункъо моцIаздасан цояблъун. Гьеб моцIалъ рештIунеб рахIматалъе гIоло гьелда Аллагьасул моцIиланги абула.

**Исламияб календаралдаса босараб**

# Лъалищ нужеда?

Нужер ц1алиялъул рахъалъ бищунго лъик1ав Аллагьасдасаги х1инкъун,Аллагьасеги х1елун, пашманго Къуръан ц1алулев вугила.

---

Хварал г1адамазул мусрал нужеца лъик1ал гьарейила, гьелдалъун гьел ч1ух1улила ва, мусраздалъун ч1ух1арал гьел,хабалазулъ зияраталъе хьвадудида.

---

Ч1ужуг1аданалъ къойил щуябго какги банани,Рамазан моц1алъ к1алги ккунани, жиндир г1авратги х1арамалъиялдаса ц1унани, жиндир росасеги мут1иг1лъани,гьелда абулила дуего бокьараб рагьдухъан Алжаналде айилан.

---

Ццин бахъараб мехалда вахъун ч1ун вугони,г1одов ч1айила, г1одов ч1ун вугони, вегайила.




Дагьал церег1ан къояз, канлъи дагьазда гьоркьоб, Ярославль шагьаралда т1обит1араб Россиялъул армрестрингалъул чемпионаталда г1ахьаллъараб Дагъисталъул командаялда гьоркьов вук1ана Алмахъ росулъа Ансарияв Мусаев. Нилъер командаялъ гьениб босана к1иабилеб бак1.

**М. АБУЛАЕВ, Дилим росу.**

*Спорт – инсанасул сахлъи*

# Эркенаб гугари




10-16 февралалда Италиялъул тахшагьар Рималда т1обит1араб эркенаб гугариялъул Европаялъул чемпионаталда г1ахьаллъана Россиялъул т1аса бищараб командаги.

Гьенир чемпионаллъун рахъана Г1абдурашид Саг1адулаев (97 кг) ва нилъер ракьцояв,Буртунаялдаса Къурбан Ширaев(65кг). (тренерал: Д.Г1алиев, М. Мух1амадов).

Мух1амад Рамазановасе (79 кг) ва Мух1амадрасул Гъазимух1амадовасе гьениб щвана к1иабилел бак1ал.

Руччабазда гьоркьоб Инна Трансуковалъ (62кг) ва Милана Дадашевалъ (50 кг.) гьениб босана II ва III- бак1ал.

# Волейбол



Дагьал церег1ан къояз Мах1ачхъалаялда т1орит1ана, Дагъистаналда т1оцебесеб бак1алъе г1оло, волейбол х1аялъул къецал.

2005 соналъ гьарурал ва гьездаса дагьалъ г1иссинал ясазда гьоркьор т1орит1арал гьел къецазда г1ахьаллъана нилъер районалдаса ясазул командаги.

Х1алуцарал х1аяздаса хадуб баянлъана нилъер команда к1иабилеб бак1алде бач1араблъи.

Нилъер командаялда рук1ана-Упият Алясаева, Зайнаб Г1абдулаева, Пат1имат Мух1идинова, Саг1адат Усаматова, Муслимат Идрисова, Алжанат Забитова, Марият Х1адаева, Хадижат Нажбудинова ва Умижат Уланбекова (тренер Наида Алясаева)

**И.Булатханов.**

# Поздравляем!



Приказом от 10.02.2020г. по Главному управлению МВД РФ по Краснодарскому краю, наш земляк, подполковник внутренней службы Исмаил Абдулхасанович Гереханов назначен начальником отдела технической эксплуатации имущественного комплекса ФКУ «ЦХ и СО ГУ МВД России по Краснодарскому краю».

Поздравляем Исмаила с высокой должностью и Днем защитника Отечества. Желаем ему здоровья, счастья, удачи и новых служебных высот.

**Земляки, друзья и бывшие сослуживцы.**

# Кто из ветеранов войны получит 75 тысяч, а кто - 50?

***Президент Путин подписал указ о единовременной выплате ветеранам в связи с 75-й годовщиной Победы***

Выплаты составят 75 и 50 тыс. руб. Они предназначены ветеранам, которые постоянно проживают на территории России, Латвии, Литвы и Эстонии.

***75 тыс. руб. получат следующие категории ветеранов:***

**1)**инвалиды Великой Отечественной войны;

**2)**участники Великой Отечественной войны;

**3)**лица, работавшие на объектах противовоздушной обороны, на строительстве оборонительных сооружений и др.;

**4)**награждённые знаком «Жителю блокадного Ленинграда»;

**5)**бывшие несовершеннолетние узники концлагерей, гетто и других мест принудительного содержания, созданных фашистами и их союзниками в период Второй мировой войны;

**6)**вдовы (вдовцы) военнослужащих, погибших в период войны с Финляндией, Великой Отечественной войны, войны с Японией. Вдовы (вдовцы) умерших инвалидов и участников Великой Отечественной войны.

**50 тыс. руб. получат:**

**1)**лица, проработавшие в тылу в периоде 22 июня 1941 г. по 9 мая 1945 г. не менее 6 месяцев, исключая период работы на временно оккупированных территориях СССР;

**2)**награждённые орденами или медалями СССР за самоотверженный труд в период Великой Отечественной войны;

**3)**бывшие совершеннолетние узники нацистских концлагерей, тюрем и гетто.

По данным Комитета СФ РФ по соцполитике, единовременные выплаты получат 1 млн 148 тыс. 411 разных категорий ветеранов. По 75 тыс. руб. получат 537 057 человек, по 50 тыс. - 611 384 человека. Как сообщил премьер-министр Михаил Мишустин, на выплаты из федерального бюджета будет выделен 71 млрд руб. Никаких заявлений ветеранам подавать не надо - деньги им придут автоматически в апреле-мае.

**АиФ №7 от 12-18. 02. 2020 г.**

*БетIерав редакторасул ишал т1уралев МухIамад-Шарип ГIабдулашимов*

*тел: 55-48-94*

*Мухбирзаби: ХIалимат Каримова, Ибрагьим Идрисов, Асият Дибирова*

*Фотомухбир: Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо ХIайбаева*
*Верстка: Марьям АтавхIажиева, Зайнаб ГIабдулмуслимова.*

*Типографиялъул адрес: 367032, РД Мах1ачхъала шагьар Насрудиновасул къватI №61*

*Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00. Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район"*
*Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,*
*Индекс: 51354*
*Заказ №368 Тираж 1182*
*Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*